«Махуэку»

5-нэ нап.

Зэгурыlуэрэ зэдэlуэжу

4-нэ нап.

Хьэщlэхэр нэхъ губзыгъэу бгъэдыхьащ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№101 (24.695) ● 2024 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

2024

Фокlадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

Адрей щIыналъэхэм я щапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуа УФ-м и Президент Путин Владимир КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхуфа хуэзащ.

ЗЭIУЩIЭР къыщыдзэуихыж, Путин Владимир жиIащ: «Казбек Валерий и къуэ, уэрэ сэрэ мазищ ипэкIэ дызэхуэзат, республикэм и гъащIэр зэрекIуэкIыр, фызэлэжь Iуэхуэхэр си нэгу щIэкIын хуэдэу сыкъебгъэблэгъати, иджы сыкъэкIуащ. Апэрауэ, мэкъумэшым щIыфхуэзфIэкIаХэм папщIэ сынывохьуэху. Щэч хэмылъу, ар екъулIэныгъэшхуэщ, адрей щIыналъэхэм папщIэ щапхъэщ. Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадзэкIхэмрэ хуэди 8-кIэ бэгъуауэ гъавэ къефрьэлIащ, псоми иджырей Iэмэпсымэкlэ фолэжь, щыфхъумэ щIыпIэхэри, ахэр зэрыфлъхьэ къутхэри апхуэдэщ. Псори фIы дыдэщ сыт и лъэныкъуэкIи».

КIуэкIуэ Казбек къэралым и ЛIыщхьэм фIыщIэ хуищIащ зыхуищIигъэхьэу республикэм къызэреблэгъам, сыт хуэдэ зэмани республикэм зыкъызэрыщIигъакъуэм щхьэкIэ икIи кIэщIу щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ 2024 гъэм и япэ Iыхьэм кърахьэлIа лэжьыгъэмрэ хутепсэлъыхьащ.

«Илъэс блэкIам елIыытмэ, республикэр мыхьэнэ нэхъ зиIэ лъэныкъуэ псоми щофIакIуэ. Промышленнэ производствэм зыщагъэпсэлIахэм я бжыгъэр проценти 115,9-м нэсащ. Мэкъумэшым ардыдэр проценти 103,9-м щынэблэгъащ, ухуэныгъэм - проценти 103,8-м. Сату Iуэхум щызекIуэ мылъкум проценти 7,7-кIэ хэхъуащ, уасэ зыщIат Iуэхутхьэбзэхэм - проценти 7,1-кIэ. Мылъку нэхъыщхьэм халъхьэ инвестициэхэр 133,2-кIэ нэхъыбэ хъури, сом мелард 19,6-м нэсащ. Илъэсым и апэ Iыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщагъэпсэхуащ турист мин 800-м, ар гъэ блэкIам елIыытмэ, проценти 27,8-кIэ нэхъыбэщ. Мазиблым и кIуэцIкIэ налогрэ налогыу щымыт хэхьипщIэу кърахьэлIар плану зыхуагъэувыжам нэхърэ сом мелард 1,8-кIэ нэхъыбэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, проценти 117-рэ мэхъу, псори зэхэту сом мелард 12. Абы и фIыгъэкIэ цIыхубэр зыхуэныкъуэхэм долажьыф», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм зэрыжиIэмкIэ, республикэм и экономикэм лъабжьэ хуохъу лъэпкъ проектхэр, къэрал программхэр, цIыхухэм я гъащIэр ефIэкIуэн хуэдэу, къэралыр къызэрыдэIэпыкъур. «Иджыри зэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейт ди республикэм укъэкIуэн и пэ къудамэ щхьэхуэхэм епхауэ къалэн къытщIыпщIахэм. ФIыщIэ пхузощI. Правительствэми унафэхэр жыы щIэту къызэращтэм щхьэкIэ фIыщIэ хузощI», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Щхьэхуэу и гугъу ящIащ Президентым жэрдэму къыхилъхьа лъэпкъ мурадхэм епха унафэхэм. Республикэр езыр-езыру къыхэхъуэ цIыху бжьагъэмкIэ къэралым еблагъэ гъащIэм и кIыхьагъыр илъэс 77,1-рэ хъурт, ар къэралым щыеплIанэ увыпIэщ. 2030 гъэм ирихьэлIэу цIыхухэр илъэс 80 хъуху псэууэ ящIыным хущIокъу. ЦIыху 1000-м хуэзэу 11 промилле хэхъуэ иIэщ республикэм, Урысей Федерацэм и кIуэцIкIэ а бжьгъэр зэрыхъур 8,7-рэщ. ЦIыху хэщIыныгъэм и бжьгъэр процент 18,4-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

Гулыытэшхуэ хуащI цIыхухэр нэхъыфIу псэууэ хъуным. 2021 гъэм щегъэжьауэ бюджетым и лэжьакIуэхэм я улахэр гъэ къэс процентэ 10-кIэ хагъахьуэ, ар дыдэрыт илъэсым и шыщхьэуIум и 1-ми яхуэзфIэкIащ. Абы и фIыгъэкIэ иужьрей илъэсищым цIыхухэм хэхъуэ нэхъыбэ яIэщ. Илъэсым и япэ кварталым хэхъуэр процентэ 106,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

Республикэм щолажьэ дунейм къызэрытехьэрэ илъэс 17 ныбжьым нэсыху сабий мини 150-м зэрызыщIагъакъуэ хабзэ, бынунагъуэхэр хиубыдэу. ЩIыналъэм и къуэцIкIи дэIэпыкъуныгъэхэр щокIуэкI. Псалъэм папщIэ, етхуанэ сабий зиIэ унагъуэм сом мин 500 ират. 2024 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ, адэ-анэхэм сабий IыгъыпIэхэм ират ахъшэр Iэрагъэхьэжынущ.

Республикэр зэрефIакIуэм и щыхьэтщ егъэджэныгъэр. КъБР-м лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI щIэныгъэ щрат Iуэхущ Iапl эхэм я инфраструктурэм зегъэужьыным. ФокIадэм и 1-м школыщIэу 6 къызэIуахынущ, иджыри 6-м зэIуэзэпэщ хъужауэ лжьэн щIадзэжынущ. Республикэм сабий мини 123-рэ школхэм щыщIэтIысхьэжынущ, абыхэм ящыщу 13700-р япэ классым кIуэнущ. Ар илъэс блэкIам елъытауэ мин 1,5-кIэ нэхъыбэщ.

ЗэIущIаХэр тепсэлъыхьащ курыт профессионалыбэ щIэныгъэми, 9-11 классхэр къэзыухэм ящыщ куэд кIуэ пэтми абы нэхъ зэрыщIэупщIэми. ІэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр центрхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейми, абы республикэм ит колледжхэм я зэфIэкIыр нэхъ ин зэрищIынуми, къыщIагъэкI цIыхубжьгъэмрэ я къызэгъэпэщыкIэмрэ фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызригъэужьныуми я гугъу ящIащ. Иджыпстукlэ проектым къэрал къулыкъущIэхэр хопльэж.

«Иджыри сынолъэIуну сыхуейт, Владимир Владимиру и къуэ, Iэмал щыIэмэ, а Iуэхум нэгъэсауэ делэжьыну унафэ къытхуэпщIыну. КъызэщIэубыдауэ къапщтэмэ, лъэныкъуэ псомкIиефIэкIуэныгъэхэр диIэщ, иджыри зэ гурэ псэкIэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейщ укъызэрыкIуам, си щхьэкIи гулыитэ къызэрыс-хуэпщIам папщIэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Путин Владимир зэIущIэр щиухым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къэхъуауэ: «СощIэ фи унагъуэм гуфIэгъуэ зэрилъыр, хэхъуэ зэрывиIэр, пхъурылъху щIалэ цIыкIу дунейм къызэрытехьар. Узыншагъэ быдэ Тхьэм къывит, уи Іыхьлыхэр Тхьэм иригъэфIакIуэ, псом апэращи, анэмрэ сабийм рфы псори кьехъулIэну си гуапэщ. Щэч къытесхьэрхьам абы уи унагъэрэ нэхъыфI зэрищIынум, уэрэ уи Іыхьлхьэмрэ щапхъэ фахуэхъумэ, республикэм ди къэралми кIуэ пэтми нэхъ зиузэщIынущ а лъэныкъуэмкIэ. Демографием и Iуэхум зэрызиужьыр фIы дыдэщ. Дэ дяпэки дежьэныгъ сабийр дунейм къытехьэныр, анэм, бынымя хьэжьыр хъумэным епха Iуэхухэм, а лъэныкъуэр езыгъэфIэкIуэн медицинэ IуэхущIапIэхэр къызэIутхынущ. Аращи, сынохъуэхъу. ФIы псори Тхьэм къуигъэхъулIэ».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl эм къызэритамкIэ

Джэрмэншык и жыг хадэхэр зрагъэлъагъу

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир лэжьыгъэ Iуэхуфа щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Къэралым и УнафэщIым зыщигъэгъуэзащ Джэрмэншык къуажэм дэт «Агро 07» мэкъумэш-промышленнэ Iуэхущ Iапl эм и лэжьыгъэм.

УРЫСЕЙМ и Президентым щыIэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ **Чайкэ Юрий**, Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Лут Оксанэ.**

Мэкъумэш Iуэхущ Iапl эм и унафэщI **Тумэ Рашид** хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ Iэнатlэм и лэжьыгъэр зэрызэтеублам.

«Агро 07»-р 2007 гъэм къызэIуахащ, пхъащхьэмыщхьэ, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэр гъэкIыным, абыхэм продукцэ щхьэхуэхэр къыхэщIыкIыным толажьэ, пхъащхьэмыщхьэ мэрэзей къыщIегъэкI, фошыгъу химыльхьэу. Пхъащхьэмыщхьэхэр гектар 200 хъу хадэм къыщагъэкI. Iуэхущ Iапl эм зэуэ тонн мин 13,5-рэ щыпхъумэфыну иджырей жыпхъэхэм иту пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэ лъэщ иIэщ. 2020 гъэ лъандэрэ абы къыщагъэкIын щыщIадзащ мэракIуащхьуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэкI пхъащхьэмыщхьэ, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэр къэралым и щIыналъэ псоми хурагъашэ. Апхуэдэу Урысейм пхъащхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэу къыщрахьэлIэм я процент 19-р республикэм и хэлъхьэныгъэщ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Лут Оксанэрэ щыIащ КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым Бгыхэм, бгы лъапэхэм жыг щыгъэкIынымкIэ Кавказ Ищхьэрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтымрэ, яIущIащ абы и егъэджакIуэхэм, студентхэм, абитуриентхэм.

УНИВЕРСИТЕТЫМ мэкъумэш Iэнатlэм и унэтIныныгъэ зэхуэмыдэхэм теухуа технологиеихэр щызэхалъхьэ, абы щоджэ студент 3000-м щIигъу.

КIуэкIуэ Казбекрэ Лут Оксанэрэ тепсэлъыхьащ иджыпсту жыджэру зызыужь мэкъумэш хозяйствэр Iэщ Iагъэлlхэмкlэ къызэрызэгъэпэщащ.

Министрыр мэкъумэш университетым щохьэщIэ

«Университетым щагъэхьэзыр мэкъумэш, Iэщ гъэхъун Iэнатlэм щылэжьэну, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ Iэщ Iагъэлlхэр, - жиIащ щIыналъэм и Iэнатlэм. - Ауэ нобэ а Iэнатlэм мыхьэнэшхуэ щаубыд курыт Iэщ Iагъэ зиIэ лэжьакIуэхэм - мэкъумэш техникэм кIэлъыплъын Iэщ Iагъэлlхэм, пхъащхьэмыщхьэ хъумапIэхэм, продукцэм щелэжьыж Iуэхущ Iапl эхэм щыIэ оборудованэхэмкIэ операторхэм, ветеринархэм, хадзэкIгъэкIхэм. Хьэмдэхъу Б. И. и цIэр зезыхьэ республикэ мэкъумэш колледжым егъэджэныгъэ кластер къыщызэдгъэпэщыну ди мурадщ. А проектым апхуэдэу хэтынущ ди мэкъумэш Iуэхущ Iапl э инхэр, жылагъуэ, щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэр. Мэкъумэш хозяйствэм щылэжьэну Iэщ Iагъэлlхэр нэхъыжьыныкIэ лъагапIэщIэхэм дыхуэкIуапхъэщ, абы папщIэ зэфIэкI псори диIэщ».

Бгыхэм, бгы лъапэхэм жыг гъэкIынымкIэ Кавказ Ищхьэрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и лэжьыгъэр хуэгъэпсащ пхъащхьэмыщхьэ, мэракIуэ, дэ лIэужьыгъуэхэм егъэфIэкIуэным. Мыбы къыщагъэкI лъэпкъыгъуэхэм мэкъумэш Iэнатlэм пэрытхэм я деж щIэупщIэшхуэ щиIэщ.

Псори зэхэту щIыналъэм щолажьэ пхъащхьэмыщхьэ жыгхэм я гъэкIыпIэ 17, илъэс къэс абыхэм жыгыщIэ гъэтIысхьэну мелуани 2,8-рэ щагъэкI, абыхэм ящыщу мелуаным щIигъур нэгъуэщI щIыналъэхэм ящIэу.

Пхъащхьэмыщхьэ, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэр гъэкIынымкIэ республикэр пэрытхэм ящыщщ. Абыкlэ сэбэп мэхъу Iэнатlэм технологиещIэхэр къызэрыщагъэсэбэпыр, мелиорацэм жыджэру зэрызрагъэужьыр, мэкъумэшхэкIэр къыщIэзыгъэкIхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэрагъуэтыр.

Республикэм и Унафэщым Лут Оксанэ фIыщIэ хуищIащ республикэм и мэкъумэш лэжьакIуэхэм гулыитэ къазэрыхуищIым, мэкъумэш хозяйствэм щалэ жэрдэмхэр гъэзэщIа хъунымкIэ дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъум папщIэ.

Шыщхьэуlум и 22-м Урысей Федерацэм и къэрал ныпым и махуэщ.

КЪЫДЭКIУЭТЕй щIэблэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, къэралым и дэтхэнэ щIыхуми и гъащIэм увыпIэ хэха щызыубыд дамыгъэ нэхъыщхьэм и абрыр нэхъри щызыхэтщIэ зэманц мы лъэхъэнэр. Махуэшхуэм ныпыр къалэт УФ-м и гимныр къыуэу, Нэщхьеягъуэ къэхъуамэ, ар мащIэу кърагъэкIуэтэх. Нобэ хуэдэ махуэм къэрал Iэнатlэ Iутхэм я гуащIэм пэкIуэу дамыгъэхэр хуагъэфащэ. Апхуэдэуи а махуэм Урысейм и щIыналъэ псоми пшыхьэхэр, спорт зэхыхьэхэр, флешмобхэр, мастер-классхэр щрагъэкIуэкI, къэрал дамыгъэм и мыхьэнэр кърагъэлъагъуэу.

Ди къэрал ныпыр сытыми дежи фIэлъщ УФ-м и Президентым и Администрацэм, Федерацэмкlэ Советым, Къэрал Думэм, УФ-м и Правительствэм, Конституцэ судым, Суд Нэхъыщхьэм, Генеральнэ прокуратурэм, Следственнэ комитетым, Банк Нэхъыщхьэм, Къэзыбж палатэм, Хэхакlуэ комиссэ нэхъыщхьэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу федеральнэ щIыналъэхэм щыIэм я хэщIапIэм, УФ-м и хэгъэгу хэм я унафэщIхэр, щIыпIэ самоуправленэхэр щылажьэ унэхэм, Урысейм и лIыкIуэм и хэщIапIэу, къулыкъущIапIэу нэгъуэщI къэралхэм щыIэхэм.

Тхыдэм щыщщ

НЫПЫМ и тхыдэр жыжьэ къыщожьэ. 1705 гъэм щIышылэм и 20-м Пётр Езанэм унафэ ищIауэ щытащ сату Iуэхум епха кхъуэхъэм хужьщIыху-плъыжьыфэ ныпыр щаIэтыну. Абы езым ныпым и теплъэр зыхуэдэнур тхьапIэм трищIыхьат, плъыфэхэр зэрызэкIапIыкIуэнури игъэбелджылат.

Къапщтэмэ, ныпым хэт плъыфэхэм - хужьым, къащхъуэм, плъыжьым - мыхьэнэ зырыз яIэщ. Хужьым къеГъэлъагъуэ мамырыгъэ, къабзагъэ, къащхъуэр пэжыгъэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ я плъыфэщ, плъыжьыр къарум, лъэщагъым, захуагъэм я нэщэнэщ.

Урысей ныпыр XIX лIэщIыгъуэ пщIондэ флотым ейуэ къэгъуэгурыкIуащ. XIX лIэщIыгъуэм и кIэм, 1896 гъэм, ныпым къэралыгъуэ мыхьэнэ игъуэтащ. ИужькIи, 1991 гъэм, РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ ар къалъытащ Урысей Федерацэм и нып нэхъыщхьэу. Абы илэкIэ, зэрыщIэщи, Совет Урысейм кьигъэсэбэпу щытар гъубжэр уадэрэ зытет ныпплъыжьыфэрщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Щхьэр лъагэу уегъэIэт

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщIэ

2024 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ Iапl эми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуейтмэ - сом 598-рэ кIэлIейкIэ 64-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщIэжынымэ - сом 542-рэ кIэлIейкIэ 84-рэ.

Ди индексыр П5894

Щхьэр лъагэу уегъэІэт

(КІэухыр. ПэщІздзэр 1-нэ нап.)

Щ!эщыгъуэ гуэр къагупсис

Ныпым и махуэм рекордхэр щагъэув щыІэщ. Псалъэм къыдэкІуэу жьпІэмэ, 2011 гъэм Шэшэным Урысейм щыпхьэх ин дыдэ ныпыр къыщаІэтащ. Ар Ойсхарэрэ Центрройрэ я зэхуакум щыІэдзат, метр 300 и лъагагъуэ. Ныпым метр 336гъэзэнатІи 150-рэ къызэщІиубыдэрт. 2014 гъэм шыщхьэпІым и 22-м Омск къалэри къэрал псом цІэрыІуэ щыхъуааэ щытащ автомашинэ 225-р я лъпыфэкІэ зэрызэкІэлъыкІуэн хуейм хуэдизу ягъэувыу бэракъым и тепльэр къызэрагъэлъэгуащ.

Налшык къали закъыкІэригъэхуркъым апхуэдэ Іэхуэхэм. Нэгъабэ шыщхьэпІым и 22-м и нэхущым щІалэгъуалэр Кизиловкэ дэкІуейри, метр 30 зи кІыхьагъ ныпыр «Сосрыкъуэ» и пащхьэ щашэщІащ. Щ!алэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я урысейпсо зэщІэхъеныгъэм хэт ныбжьыщІэхэм я ныпыр зэхэту къыдэкІри, ныпыр уардау ягъэхарзэру нэхущым пежьащ, хэкум теухуа уэрэдхэр жаІэу Іуащхьэм дэкІуеящ.

Лъахэр егъэдахэ

Апхуэдэ Іэхуэм щ!алэгъуалэр хэкупсэу зэригъасэм шэч хэлъкъым икІи ныбжьыщІэхэр зэкъуэувэнымкІэ, зэгурыІуэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэм и жьауэ хуэфащэу щІэтыну ягу къэгъэкІ.

Налшык щаІэта ныпыр иным къигъэлъагъуэрт ди Хэкум илъ зэхущытыкІэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ.

Мыпхуэдэ махуэм ди республикэм и щ!ыпІэхэм щокІуэкІ еджакІуэхэр, щ!алэгъуалэр, жьилагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ліыкІуэхэр, юнармейцхэр, волонтёрхэр, курыт Іэщ!агъэ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ щ!агъэгъуэт еджапІэхэм щІэсхэр зыхэт зэхьыбэхэр, ныпым тетухуа дерсхэр, зепсэлъэныгъэхэр, тхьылъ гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрагъэпэщ.

Ди къалащхьэм и къыдэлъэдапІэхэмрэ къалэкъумрэ щагъэува, метри 10-м щІигъу зи кІыхьагъ, метри 7 зи бгъуагъ нып дахэр зыфІэІэпэ метр 35-рэ хьу флагштокым илъэситІ хуэуагъ егъэдахэ ди лъахэр.

НЭщІэпыдЖЭ Замиря.

Нащхъуэ

Иджыблагъэ Мейкъуапэ къыщыдэкІащ адыгэ тхакІуэ щэджащэ Мэшбащ!э Исхьэкъ и тхылъыщІэ. «Нащхъуэ» эыфищ романыр теухуащ да Винчи Леонардэ и анэ, адыгэ лъэпкъым щыщ Катеринэ, гъэрыпІэ ихуэу хамэ щІыпІэ къыщыхута бзылъхугъэм.

- 2015 гъэм Франджым сыщыІэу да Винчи Леонардэ и кхъащхьэм сыкІуат. Дуней псом щыщІэрыІуэ сурэтыщІ, узэщІакІуэ лъэрызэхьэуэ курыт. ЛІэщІыгъуэхэм кхъухащхьэм адыгэлъ щІэту сыткІэ сщІэнт сэ абы щыгъуэ?! Ар кхъащхутар иужьыІуэкІащ. Да Винчи Леонардэ и анэр адыгэу зэрыщытам шэч хэлъыжкъым. Абы щыхьэт текъуэу тхылъыр, нотариусым и Іэ щІэлъу дэфтэрхэм кхъухахьэрр, хэІуцІыІу ящІащ. Ауэ мы романыр щыстхым сэ тегъэщІапІэ сщІакъым дэфтэр бжьагъэнэхэр икІи кІалэн зыщысщІыжакъым Катеринэ и ГъащІэ гъэузагуэр зджыну. Сэ абы и ГъащІэ хьэлъэм сыхэплъэну сыхэтащ адыгэнэкІэ, адыгэпсэкІэ. Адыгэ хэкум щрихьэкІа илъэсхэмрэ благъэ тхуищІа Италием къыщыгъэщІамрэ щыщІэзыгъэлъэгуэжк мы тхылъым. Нобэкіэ, Леонардэ адыгэ анэм къызэрилъхуар соцІэри, иджыри зэ и кхъащхьэм сыщ!ъэщ!ыхьэжьыну си гур мэхъуапсэ.

Ауэ, дэнэ! Илъэс 94-рэ сохъу сэ, - жеІэ тхакІуэм.

Іыхьэ 35-рэ хъу романыр Щ!эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием и президент Къанокъуэ Арсен и мылъкукІэ къыдэкІащ.

Мэшбащ!эм зэрыжиІамкІэ, игу илъ «Нащхъуэр» фокІадэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэлъэгъуну, ар зэритхам, Катеринэ тетхэныхьын хуей щІэхъуам нэхъ убгъуауэ тепсэлъыхьыну.

ФЫРЭ Анфисэ.

Зэкъуэту коррупцэм пэщІэтщ

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и унафэкІэ 2024 гъэ екІуэкІынущ Іулъхьэм пэщІэт «Вместе против коррупции!» социальнэ Дунейпсо щІалэгъуалэ зэпеуэ. Абы хэтынущ къэрал псоми я щІалэгъуалэр.

Я ІЭДАКЪЭЩІЭКІ лэжьыгъэхэр щыІахынущ www.anticorruption.life конкурсым и сайтым, абы къыщыхьащ ар зэрекІуэкІыну хабзэр, лэжьыгъэхэр къызэрыхахыну щыкІэхэр.

Зэпеуэр ирагъэкІуэкІ («Плакат нэхъыфІ», «Сурэт нэхъыфІ», «Видеоролик нэхъыфІ») номинацищ!ымкІэ, я ныбжькІи гупищ (илъэси 10-15; илъэс 16-20; илъэс 21-25-рэ) зэкъуэщІ-убыдэу. Лэжьыгъэхэр Іахынущ 2024 гъэм жэпуэгъэм и 1 пщІондэ.

- Зэпеуэм кърикІуахэр зохалъхьэжьнущ, текІуэхэмрэ кхъухэжаныкІахэмрэ ягъэлъэпІэнущ Коррупцэм пэщІэтныныкІэ дунейпсо махуэм (дыгъэгъазэм и 9-м), - жиІащ КъБР-м и прокурорым щІыхьэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэгъэмрэ ядэлэжьэныкІэ и дэпэпыкъуэгу нэхъыжь, юстицэм и чэнджэщагъу Дол Мадинэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Зэдэлэжьэныгъэм къыпащэ

Москва щыІэ Правительствам и Унэм щызэхэтэщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ! Мишустин Михаилрэ КНР-м и Къэрал советым и премьер Цян Лирэ.

ЗЭІУЩІЭМ и пІэ кІуэуэу Китайм и ЛыкІуэр Сэлэт МыцІыхум и кхъащхьэм щыІащ. ИкІи удз гъэгъа трилъхьащ. «Мыбдеж иджыри зэ нэхъ куууэ щызыхэсщІащ урысей цІыхубэм я хэкупсагъэм и лъэщагъэр, сигу къыжьащ илъэс 70 и пащ!э дызэгъусэу фашистхэм дащцыпэщІэтэ икІи дунейпсо мамырыгъэр щытхъума лъэхъэнэ гугъуэхэр», - жиІащ абы. Цян Ли кхъухэсщащ урысей, китай лъэпкъхэм лъабжьэ бІэдэ зиІэ зэнибжьэкъуагъэ з кІыхьяку зэрыдэлъыр икІи дунейпсо тегуплІэныгъэм ар зэрыщащхъумэфар.

Мишустин Михаилрэ Цян Лирэ я зэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ къэралитІым сату-экономикэ, щэнхабзэ-гуманитар унэтІныныгъэхэмкІэ я зэдэлэжьэныгъэм зэрыщагъэзэгъубгъуным, промышленностым, энергетикэм, мэкъумэш хозяйствэм, транспортым щызэдагъэзэщІэну проектэр нэхъ зэрыщІагъэхуэбжьэным. ЗэІущІэм кІэрикІуам ипкъ иткІэ, къэралитІым я правительствэр, ведомствэ щхьэхуэхэр зэрызэдэлэжьэнум щыхьэт текІуэу тхьилъхэм Іэ традэзнущ.

Лъагъуэщ!эм тету

США-м и Демократ партым и лъэпкъ съездым щыпхыкІащ къэралым щеІэуэкІыну президент хэхьныгъэхэм хэтыну зыкъэзыгъэлъэгъуэ Харрис Камалэ и кандидатурэр. Абы и телъхьэу щ!ыхь 1976-м Іэ яІэтын хуейуэ арати, ар зэрыдаІыгъыр къагъэлъэгъуащ 4556-м.

Харрис Камалэ я Іэхуэм хэтакъым, а махуэм ар Милуоки къалэм хэхаІуэхэм щахуэзащ, ауэ и кандидатурэр къыдэзыІыгъахэр гулъытэщ!э ящІакъым, съездым хэтхэм видеоэзэпыщІэныгъэхэмкІэ закъыхуигъэзащ. Псом япрауэ, абы фІыщІэ яхуищІащ дзыхь къызэрыраГъэзам папщІэ икІи жиІащ къэралым и зэІуэпэщыгъэм и къэрау, и гущІэ щхьэгъусэм щхьэзыгъэ хуащІа Іэхугъуэхэр зэрымыпэжыр, ипэрей бжьыгъэхэр, 2019 гъэм щыІыпІэм и 1-м щыІар, къэщтэжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу ди дрителъхьащ пенсионер псоми я Іэрат ахъшэм зэхуэдэу хэгъэхъуэн зэрыхуейм, апхуэдэуи лэжьапІэ Іут пенсионеру иужьрей илъэситхэм си пенсэ хамыгъэхъуахэм, хэхъуа псори зэуэмэхэр къыщыщІагъэкІ завод.

♦1910 гъэм къалъхуащ «ЩІыхь» орденым и нагъыщищри зрата **Мусэ Менлы.**

♦1927 гъэм къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор **Къущхьэ Іэбу.**

Дунейм и щыгыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 22-рэ щыхьэнущ.

Щыщхьэуіум и 23, *мэрем*

♦Гъэрхэмкіэ сату щыыкІэн хэкІуэдахэм я фэеплъыр щагъэлъапІэ дунейпсо махуэщ

♦1992 гъэм ЩІэныгъэхэмкІэ ДБР-м щыхь зиІэ и артист **Жыгун Тимэ.**

♦1926 гъэм къалъхуащ ДБР-м щыхь зиІэ и артисткэ **Шортэн Даникэ.**

♦1956 гъэм къалъхуащ пшынауэ, УФ-м щыхь зиІэ и артист, КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэпащ!э Заудин.**

Дунейм и щыгыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщыешынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 21-рэ щыхьэнущ.

Щхьэхуэмыщі Иэзщ.

Зыгъэхьэзырар

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Дыщэ цей хуэпщІ щхьэкІэ, пэ хуэпщІын.

Щхьэхуэмыщі Иэзщ.

Щыщхьэуіум и 22, *махуэм*

♦Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщ

♦1937 гъэм КІыщокъуэ Алим и адэ Пщымахуэ дунейм ехыжащ.

♦1959 гъэм Тэрч къалэм щахуащ налмэс Іэмэпсымэхэр.

Щыщхьэуіум и 23, *мэрем*

♦Урысей Федерацэм и Унэм щызэхэтэщ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ! Мишустин Михаилрэ КНР-м и Къэрал советым и премьер Цян Лирэ.

♦1910 гъэм къалъхуащ «ЩІыхь» орденым и нагъыщищри зрата **Мусэ Менлы.**

♦1927 гъэм къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор **Къущхьэ Іэбу.**

Дунейм и щыгыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 22-рэ щыхьэнущ.

Щыщхьэуіум и 22, *махуэм*

КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэрал мэкъумэш университетым и лэжьакІуэ гупым гущІыхьэ ящыхуэуэу хъыбар къыдагъащІэ «Землеустройство и экспертиза недвижимости» кафедрэм и доцент **Къущхьэ Бэлэ Іэмырхъан и пхъур** дунейм зэрехьажамкІэ икІи и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ гурэ псэкІэ яхуогузавэ.

* * *

Къущхьэ зэхьэпкъым я зэгухэныгъэр Къущхьэ Іэмырхъан ПІутІэ и къуэмрэ абы и унаГъуэмрэ гурэ псэкІэ яхуогузавэ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и доцент **Къущхьэ Бэлэ Іэмырхъан и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

Къущхьэ Бэлэ икъуэкІа ціыхьэ нэхъуу щытащ. ГъащІэри, ціыхьэхэри, и Іыхьлы-благъэхэри фэрыщІыгъэ хэмылъу фІыуэ ильаГъурт. Дунейм тетыху, ціыхьэм защІигъакъуэу, гугъехьыпІэ итхэм ядэлэпкъыу зэпыту, и псэм и Іэфыр игуэшу псэущ ар.

Бэлэ теухуа гукъэкІыжхэр дэ сыт щыгъуи ди гум илъынущ.

2024 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хахынущ

Хэхакіуэ зэгухьэныгъэу «Новые люди» политикэ партым и щіыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм хэхыныгъэм зэрыхуэкІуэ программэ

«Илъэсиплым щІигъу ипэкІэ дэ политикэ партыщІэ къызэдгъэпэщащ, иужькІэ, куэдым ягъэщІагъуэу, Парламентым и къару етхуанэ дыхъуащ. ЗэхъуэкІыныгъэхэм дыпэмыплъэу, дэ езыр зэхъуэкІыныгъэ дыхъуну мурад тщІащ. Дэ дызэкъуигъэуващ ціыхухэр япэ щрагъэщ къэралым худи Іэ гуращэм. Дэтхэнэ зыми и хъуэпсапІэхэр гъащІэм щызригъэхъулІэфыну Іэмал къезыт къэралу ціыхухэм папщІэ щыІэм. Дэ илъэсищ хъуауэ Къэрал Думэм дыщожьакІэ. Ауэ ди ціыхухэр лажьэ икІи долъагъу гупсысэкІэ узыншэм гъуэгу зэрыпхишыжьыфыр».

Нечаев Алексей,
«Новые люди» партым и унафэщІ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ «Новые люди» партым и къудамэм и ціыхубэ егъэблэгъапІэр.

Мы хэщІапІэм дыщыфпоплъэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Захаровым и ціэр зезыхьэ уэрам, унэ №105 А. УпщІэ псори мы пощтым евгъэхь хъунущ: 07@newpeople.ru

Дэ захуагъэм дрителъхьэщ №6

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и еянэ зэхуэсыгъуэм щыпхэжьнуэрэ хэхыным ипэ къыхуэІуэхум щІидзащ. Адрей партхэми хуэдэу, лэжьыгъэм жыджэру ныхьащ «Захуагъэ здэщІыІэ Урысей - Пэжым и телъхь» партыр.

РЕСПУБЛИКЭМ ис куэдым ящІэ да хэхыныгъэхэм хуабжьу зэрызыхуэдгъэхьэзырыр. Къэтлэт Іуэхухэр теухуащ псэукІэм ехьэлІа захуагъэр зэфІэгъуэхэм, щ!ыхуэм я щІэжІэпсэукІэр хэпщІыкІыну егъэфІэкІуэным. Ахэр къыщыгъэлъэгъуар хэхьныгъэхэм папщІэ дгъэхьэзыра программэм и закъуэхьым, атІэ ди партым къыгъэув Іуэхухэм лъабжьэ хуэхъур аращ, къэкІуэну ильэсхэм ирилъэжьну и мураду. Дэ ціыхухэр кьыззэрыдгъэгугъэм гъэпцІагъэ, хэхьныгъэхэм папщІэ дызыхуекІуэ бзаджагъэ зыми хилъэгъуэнукъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, сыт щыгъуи ціыхухэр кьызэрыдгъэгугъэр догъэзащІэ, ди лэжьыгъэр псом я дежкІи нэрылъагъэщ, зыхуэдгъэувыж мурадхэр кьыддэзыІыгъыу, ди акъылэгъуэ къэралым исыр куэд дыдэ мэхъу.

Псалъэм папщІэ, ди партыр ерыщу иужь итщ пенсэ реформэр фІащу утыку кьрахьа Іуэхум кьрикІуа мыхьэмышцІагъэхэр гъэзэкІуэжьыным. Пенсэ ныбжьы ягъэувам - ціыхухэрэр илъэс 65-рэ, ціыхубзхэр илъэс 63-рэ - нэмысу ціыху куэд дунейм ёохьыж. Дэ хьэкъыу дощІэ пенсэ ныбжьыр щагъэувым щхьэусыгъэу хуащІа Іуэхугъуэхэр зэрымыпэжыр, ипэрей бжьыгъэхэр, 2019 гъэм щыІыпІэм и 1-м щыІар, къэщтэжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу дэ дрителъхьащ пенсионер псоми я Іэрат ахъшэм зэхуэдэу хэгъэхъуэн зэрыхуейм, апхуэдэуи лэжьапІэ Іут пенсионеру иужьрей илъэситхэм си пенсэ хамыгъэхъуахэм, хэхъуа псори зэуэ кьратыжьыным. Зауэм хэта ветеранхэм пенсэ щІыхуагъэувкІэ, нэхъ мащІэ дыдэр кьызэращтэмкІи дыаррэзыкъым.

Хэхакіуэхэри ди партым хэтхэри дрогузавэ ерыскъыхэкІхэмрэ щІыхур нэхьапэу зыхуей хъу хьэпшыпхэмрэ я уасэр мащІэ кьэс зэрыкъхъуэм. Апхуэдэу хуабжьу я уасэр докІуей бензинымрэ адрей гъэсныпхъэ лІэужьыгъуэхэмрэ. Мыбдежьым щынэрылъагъуэ хэкІыпІэу щыІэ Іэмалхэр я кьыззрамыгъэсэпэр.

Дэ кьыззрытлъытэмкІэ, къэралымрэ унафэр зыІэщІэлъхэмрэ хэкІыпІэу щыІэр кьагъэсэбэпын хуейщ псори лъапІэ зэрыхъур зэтраІыгъэныкІэ. Парламентым и зэхьэхэгъуэщІэм щылэжьнуэрэ дыхуейщ апхуэдэ Іэмалхэр и жэрдэмщІакІуэ дыхъуну.

Апхуэдэуи гулъытэшхуэ худощІ уэзыншагъэр хьумэн Іэнатіэм. Ди партым хэтхэр арэзы кьищІыркъым Правительствэмрэ Къэрал Думэмрэ абы хуаІэ бгъэдыхьэкІэм, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, медицинэ Іэхуэщ!апІэхэмкІэ лэжьакІуэхэми ахъшэ ирикъуу хуауэтІыпщыркъым. Дэ дызэрепльымкІэ, медицинэм трагъэкІуадэ ахъшэр я нэхъ мащІэу тІыкІэ хагъэхъуэн хуейщ - ВВП-м и процент 7-м нэс. Медицинэм и лэжьакІуэм и улахэр щынальэм ику ягу кьыщІахьым хуэгъэкІуэн хуейщ, дохутырым и улахэр хуэдэткІэ гъэбзэгъуапхъэщ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, медлэжьакІуэм и улахэм дыщІагъунур кьих ьхъшэм и процент 70-м нэхъ мынэхъ мащІэу щытын хуейщ.

Партым и пашэ Миронов Сергей мызэ-мытІэу а упщІэр кьиІэтащ Урысейм и Президентым щыхуэзам, апхуэдэу Правительствэм тхыгъэ ирегъэхьащ. Абы кьыпэкІуащ, псоми зэращІэщи, медицинэм и лэжьакІуэ хэхахэм я улахэм социальнэ ахъшэ зэрыхудыщІагъуар, ауэ абы «дэІэпыкъуэгу псынщІэм» и лэжьакІуэхэмрэ щІыпІэ сымаджэщхэм щыІэхэмрэ хэхуакъым. Дэ унафэщІхэр кьыхудоджэ абыхэми я ахъшэм хухагъэхъуэну. Апхуэдэуи жыдоІэ, ціыхур Іэмал имыІэу зыхуей хущхъуэм щІит ахъшэр кьыхэхъуэм и процентн 10 нэхъыбэ хъу зэрымыхъунур.

«Захуагъэ здэщІыІэ Урысей - Пэжым и телъхь» партыр йолэжь егъэджэныгъэ Іэнатіэр зэрегъэфІэкІуапхъэ Іэмалхэм ятеухуа унафэ къэщтэным. Мы Іуэхум теухуауэ нэхъыщхьэу кьэдгъуэвыр ЕГЭ, ОГЭ экзаменхэр Іухынырщ, егъэджэныгъэр пщІэнщэу щытын зэрыхуейр. Абы ильэныкъуэкІи ехьэлІэныгъэ гуэрхэр щыІэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жьпІэмэ, Парламентым пленарнэ едэІуэныгъэхэр ирегъэкІуэкІащ ЕГЭ-р кьыззрызэгъэпэщыпхъэм теухуауэ, ауэ дэ зиужь дитыр щІынальэхэми а Іуэхум щытепсэлъыхьым зэрыхуейр, и кьыззгъэпэщыкІэм кьыщынэу, ЕГЭ-р щымыгъэІэнырэ и лъабжьэу.

Дэ дыхущІокъу ди щІыпІэм лэжьакІуэ кьакІуэ-кІуэжхэм я Іуэхур кьаралым зэригъэзэхуэным. Фигу кьэзгъэкІыжыну сыхуейщ, «Захуагъэ здэщІыІэ Урысей - Пэжым и телъхь» партым куэд щІауэ кьыззриІэтыр Іэпхъуэщапхъуэм епха гугъуехьэр икІи абы тепсэлъыхьар ди партым и закъуэщ. Зи гугъу тщІыр ди Іуэхум и бзэ нэхъыщхьэр ямыщІу, щэнхабзэр зэрагъэщІэну хуэмейуэ, езыхэм я хабзэкІэ щыпсэуну зызыгъэхьэзыру мыбы зэрыІыгъу кьакІуэ щыху гупхэрщ. Мыр хуабжьу ди нэІэ зытедгъэтын хуей щытыкІэщ, тІасхьапІэу ди бийжм кьагъэсэбэп Іуэхущ.

Дэпэкіэ зиужь дитинухэм ящ!ыщщ «Справедливый базовый доход»-кІэ дызэджэ Іуэхур пхыгъэкІыныр - хуэмышІахэмрэ бынунагъуэшхуэхэмрэ кьэралым зэпымыну ахъшэ яриту, инфраструктурэ Іэнатіэ нэхъыщхьэхэр кьэралым ейуэ Іэпсэлъныр.

Ди партыр и телъхьащ бюджет зэхэлъым кьыхэкІыу щІэныгъэм, кьэрал кІуэцІ туризмэм зегъэужьыным, турист Іэхэутхэбзэхэр нэхъыбэ, нэхъыфІ щІыным, зыгъэпсэхупІэхэмрэ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ!апІэхэмрэ зегъэужьыным хухах ахъшэр нэхъыбэ щІыным, щІыуэпсым кьыщІыхьу мафІэсхэм щхьэкІэ кьуанішэхэм нэхъ ткІийуэ тезыр ятелъхьэным.

Захуагъэ здэщІыІэ ди кьэкІуэнэр ууха хъун папщІэ, дэ сыт щыгъуи дыпэщІэтынущ Іулъхьэ кьеІыізхэмрэ хабзэм ебакъуэхэмрэ. Дэ дыхуейщ террористхэмрэ абыхэм я дэпэпыкъуэгъуэхэмрэ, лІыкІхэмрэ сабийхэм лей езыхэкмрэ трапльъэ тезырэр нэхъри нэхъ ткІий ящІыну, Іулъхьэ кьеІызыхэхэмрэ кьэрал мылъкур зэхэзыдыгъуэхэмрэ кьэралым епцІыжахэм хуагъэдэну, Іулъхьэ кьелызыхэм я унагъуэ мылъкур кьатехьным, ахэр нэхъ пасэу пльэхъуэщым кьигъэкІыжьыным теухуауэ щыІэ Іэмалхэр гъэкІуэдыжьыным.

Жылагъуэм я еплъыкІэр кьызэралыытэ Іэмалхэм кьегъэлъагъуэ ди партым и Іуплъжьр зэрыхэхъуэр, апхуэдэ дыдэу кьахэхъуэнущ хэхыныгъэхэм дэ щхьэкІэ Іэ щызыІэтынущ. Дэ дыщогуфІыкІ партым кьигъэув хэкІыпІэщІэхэм я телъхьэкІэ кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум. Ар щыхьэт тохъуэ ди кьэралым кьэрал зызыужьахэм я деж уеиплъэфі зэрыщиубыдым.

КъБР-м и Парламентым иригъэкІуэкІыну хэхыныгъэхэм Іэ щыфІэт «Захуагъэ здэщІыІэ Урысей - Пэжым и телъхь» партым папщІэ - ар бюллетеным 6-нэу итщ!

ЛДПР-м ещІэ ціыхур зыхуейр!

4. Уи псалъэм тетыж!

ЗэрытлъагъумкІэ, къулыкъу зратхэр нэхъ хьилэшыхэмрэ мыхъумыщІэхэмрэщ. Абыхэм я псалъэр зыри кьызэрымыкІ макъщ. Абы фэрэ дэрэ лей кьыттрегъэхьэ. Дэ тыдогъэчыныхь ищІэмкІэ жэуап зыхьыжьыф политикэхэр унафэщІхэм хагъэхьэну!

Дэ дощІэж ди адэ-анэхэр, ди адэшхуэ-анэшхуэхэр псэемыблэжу лажьэу СССР-м зэрыщыпсэуар, ахъшэ зэхуахьэсу зэрыщытар. Ауэ зы сыхьэтым кьриубыдэу псори яфІэкІуэдащ. Триллион бжьыгъэкІэ кІуэдащ ахъшэр. Мис а щІыхуэр ціыхухэм яритыжьын хуейщ кьэралым.

Адэ-анэхэм я лъэІум дыпэджэжри, школакІуэхэм я ныбжьым, кьэзыхэкІа унагъуэм емылъытауэ, еджапІэм пщтыру щагъэшэхьным теухуа законым и проектыр кьыхэтлъхьащ. Нобэ апхуэдэ хуэгъэкІуатэ зиІэр класс нэхъыщІэхэм щІэсэхрэщ, зи узыншагъэм сэкъат иІэ ныбжьыщІэхэмрэ унагъуэ хуэмышІахэм кьахэкІахэмрэщ. Сабийхэр зыхуей хуэзэу дгъашхэмэщ кьыдэкІуэтей щІэблэм узыншагъэ щаІэнур, ахэращ Урысейм и кьэкІуэнур!

ЛДПР-р зэреплъымкІэ, ціыхухэм уаэзрыдэІэпыкъу Іэмалхэр кьыщыхэпльхьэкІэ, ахэр зыхуэныкъуэри кьэлъытэн хуейщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жьпІэмэ, анэхэм хухах ахъшэр зытрагъэкІуадэ хуэунум нэхъри зегъэубгъун хуейуэ кьытщохъу. Псалъэм папщІэ, абы хэгъэхьэн хуейщ сабийр школ щІэтІысхьэжьгъуэм хуэгъэхьэзырыныр - щыгъын, тхылъыпІэ, нэгъуэщІ ьхэпшыпхэр кьыхуэщэхуныр. Ди партыр сытым дежи жиІам тетыжщ - дэ ди псалъэм и лъабжьэр пэжырщ!

5. КъэІэпхъуэхэр къэвгъэувыІэ!

Ди кьэралым Іулъхьэ зэрыщІэкІуэм кьыхэкІыу, хабзэм кьемызэгъыу кьэІэпхъуэхэр куэд хъуащ. Ди хэкуэгъуэхэр егъэпІейтей кьэІэпхъуэхэм ящІэ щІэпхъаджагъэхэм, апхуэдэ «Іэщ!агъэл кьызэрымыкІуэхэм» зэрызыщахьымэным ирогузавэ.

Куэдщ ди ціыхухэр зэрыдакъузар: кьэІэпхъуэхэм я бынхэм дыдейхэр сабий джэгупІэхэм кьрахуж, школхэм езыхэм я хабзэхэр щагъэув, пщыхьэщхьэм уэрамым укъыхэхахэм я улахэм социальнэ ахъшэ зэрыхудыщІагъуар, ауэ абы «дэІэпыкъуэгу псынщІэм» и лэжьакІуэхэмрэ щІыпІэ сымаджэщхэм щыІэхэмрэ хэхуакъым. Дэ унафэщІхэр кьыхудоджэ абыхэми я ахъшэм хухагъэхъуэну. Апхуэдэуи жыдоІэ, ціыхур Іэмал имыІэу зыхуей хущхъуэм щІит ахъшэр кьыхэхъуэм и процентн 10 нэхъыбэ хъу зэрымыхъунур.

«Захуагъэ здэщІыІэ Урысей - Пэжым и телъхь» партыр йолэжь егъэджэныгъэ Іэнатіэр зэрегъэфІэкІуапхъэ Іэмалхэм ятеухуа унафэ къэщтэным. Мы Іуэхум теухуауэ нэхъыщхьэу кьэдгъувыр ЕГЭ, ОГЭ экзаменхэр Іухынырщ, егъэджэныгъэр пщІэнщэу щытын зэрыхуейр. Абы ильэныкъуэкІи ехьэлІэныгъэ гуэрхэр щыІэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жьпІэмэ, Парламентым пленарнэ едэІуэныгъэхэр ирегъэкІуэкІащ ЕГЭ-р кьыззрызэгъэпэщыпхъэм теухуауэ, ауэ дэ зиужь дитыр щІынальэхэми а Іуэхум щытепсэлъыхьым зэрыхуейр, и кьыззгъэпэщыкІэм кьыщынэу, ЕГЭ-р щымыгъэІэнырэ и лъабжьэу.

Дэ дыхущІокъу ди щІыпІэм лэжьакІуэ кьакІуэ-кІуэжхэм я Іуэхур кьаралым зэригъэзэхуэным. Фигу кьэзгъэкІыжыну сыхуейщ, «Захуагъэ здэщІыІэ Урысей - Пэжым и телъхь» партым куэд щІауэ кьыззриІэтыр Іэпхъуэщапхъуэм епха гугъуехьэр икІи абы тепсэлъыхьар ди партым и закъуэщ. Зи гугъу тщІыр ди Іуэхум и бзэ нэхъыщхьэр ямыщІу, щэнхабзэр зэрагъэщІэну хуэмейуэ, езыхэм я хабзэкІэ щыпсэуну зызыгъэхьэзыру мыбы зэрыІыгъу кьакІуэ щыху гупхэрщ. Мыр хуабжьу ди нэІэ зытедгъэтын хуей щытыкІэщ, тІасхьапІэу ди бийжм кьагъэсэбэп Іуэхущ.

Дэпэкіэ зиужь дитинухэм ящ!ыщщ «Справедливый базовый доход»-кІэ дызэджэ Іуэхур пхыгъэкІыныр - хуэмышІахэмрэ бынунагъуэшхуэхэмрэ кьэралым зэпымыну ахъшэ яриту, инфраструктурэ Іэнатіэ нэхъыщхьэхэр кьэралым ейуэ Іэпсэлъныр.

Ди партыр и телъхьащ бюджет зэхэлъым кьыхэкІыу щІэныгъэм, кьэрал кІуэцІ туризмэм зегъэужьыным, турист Іэхэутхэбзэхэр нэхъыбэ, нэхъыфІ щІыным, зыгъэпсэхупІэхэмрэ узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ!апІэхэмрэ зегъэужьыным хухах ахъшэр нэхъыбэ щІыным, щІыуэпсым кьыщІыхьу мафІэсхэм щхьэкІэ кьуанішэхэм нэхъ ткІийуэ тезыр ятелъхьэным.

Захуагъэ здэщІыІэ ди кьэкІуэнэр ууха хъун папщІэ, дэ сыт щыгъуи дыпэщІэтынущ Іулъхьэ кьеІызыхэхэмрэ хабзэм ебакъуэхэмрэ. Дэ дыхуейщ террористхэмрэ абыхэм я дэпэпыкъуэгъуэхэмрэ, лІыкІхэмрэ сабийхэм лей езыхэкмрэ трапльъэ тезырэр нэхъри нэхъ ткІий ящІыну, Іулъхьэ кьеІызыхэхэмрэ кьэрал мылъкур зэхэзыдыгъуэхэмрэ кьэралым епцІыжахэм хуагъэдэну, Іулъхьэ кьелызыхэм я унагъуэ мылъкур кьатехьным, ахэр нэхъ пасэу пльэхъуэщым кьигъэкІыжьыным теухуауэ щыІэ Іэмалхэр гъэкІуэдыжьыным.

Жылагъуэм я еплъыкІэр кьызэралыытэ Іэмалхэм кьегъэлъагъуэ ди партым и Іуплъжьр зэрыхэхъуэр, апхуэдэ дыдэу кьахэхъуэнущ хэхыныгъэхэм дэ щхьэкІэ Іэ щызыІэтынущ. Дэ дыщогуфІыкІ партым кьигъэув хэкІыпІэщІэхэм я телъхьэкІэ кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум. Ар щыхьэт тохъуэ ди кьэралым кьэрал зызыужьахэм я деж уеиплъэфі зэрыщиубыдым.

КъБР-м и Парламентым иригъэкІуэкІыну хэхыныгъэхэм Іэ щыфІэт «Захуагъэ здэщІыІэ Урысей - Пэжым и телъхь» партым папщІэ - ар бюллетеным 6-нэу итщ!

ИрагъэкІуэкІа пхьэндзэм иткІэ иткІэ, пщІэнщэу ты доздзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахэм техуауэ» 2008 гъэм щыщхьэуІум и 5-м къыдэкІа КъБР-м и Закон №156-РЗ-м и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Эсамбаевым и къафэбзэр

Кавказым щыщу зи цІэр дунейпсо щэнхабзэм лъэ быдэкІэ хэувахэм яІэ дыдэрыт гъэм зи илъэсищэ гъэзугуанэр къэтпащтэ Эсамбаев Мэхьмд. Щэшэн къуажэ пхыдзам къыдэкІа щІалэ цІыкІум и псэр зытхьэкъуа Іэщ1агъэмкІэ щІы хъурейм и кІапэ зэпэІэщІэхэр зэпищІэри, цІыху Іэпкъ-гъэпсэкъыр къафэбзэкІэ къиГъэпсэлъащ.

«АДЫГЭХЭМ ятеухуауэ сыт жыпІэн? - жиІэри, Адыгейм концерт щызыт Эсамбаевым зыхуигъэзат корреспондентым зыІэзмам. «Сыт сэ а лъэпкъ дахащэм теухуауэ схужыІэнур? - кьритащ жэуап арти-стым. - Ахэр пщы лъэпкъщ. Адыгейм щыпсэу цІыху псоми пщы яфІэсщынт. Щэ бжьгъэкІэ сыкъыщыфащ сэ а республикэм. Фи лъэпкыр фІыуэ солъагъу. ЩІэсслъагъри сэ сыкъызэралъагъурахьым, атІэ сэ езым си гур якІэрыпщІащ. Алыхьым адыгэ лъэпкъым щыщ си къуэшхэмрэ си щыпхъумэмрэ игъэуэзынщэ, насыпыфІэ ищІ».

Эсамбаев хъужыр хэтми дымыщІэу, и цІэ къыщаІуэм, и хъыбархэм зызымыхъуэжу зы гъэщІэгъэун къыхэхуэрт ар щагъэпфа совет лъэхъэнэм: «И концерт псори щэшэн кьафэмкІэ къыщІедзэ». СССР-м хуэдэ къэрал лъэрызехьэм лъэпкъ зэхэгъэкъим теухуауэ щекІуэкІа политикэм ущыгъуазэмэ, апхуэдэ утыку итыкІэр Іуэху кьызэрыгуэкІыу зэрыщымытар гурыІуэгъуэ мэхъу. Ар зыхуэзфІэкІхэр куэду щытамэ, Эсамбаевым адрейхэм ящхъщынтэкъым. ГукъэкІыж мымащІэ къызэІуихыжа артистым и гъэщІэгъуэгур псальэтІ-щым щытхуимыгъэхуэнукІэ, дзыхь зыхъэпщІ хъуну и ныбжьэгъуэхм, псэлъэгъуэм кьаІуэтэжа хъыбархэр дрижэщ.

«Уэрэ Эсамбаевымрэ фызэщыІеиуэ жаІэ. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?» - Магомаев Муслим корреспондент гуэр еупщІат зэгуэрым.

«Кремлым концерт щекІуэкІыну, Эсамбаевым щыхуэхэр зэхэту кьызэупщІа: «Уэрыт лъэпкъ уэ?» - жиІэри. «Сыиазербайджанц», - зэрыжысІарац игу иримыхьар. «Уэзрышэшэным уримигушхуэу ара?» - жиІэри, абдеж щегъэжьауэ зыкъомрэ кьызэпсэльыкъым, ищжьІэ теужащ. Си анэшхуэр тэтэрщ, си анэм лъэпкъиплІым ялъ щІэтщ (адыгэлъри хэту - **Ч. М.**), си адэр азербайджанц, арат апхуэдэу щІыжьислар, ауэ щІыхур кьызьхэкІа лъэпкъыр зэи зГъэнэхьапэу щытакьым, си сыинтернационалистщ», - итащ жэуап Магомаевым.

Псальэм и хьэтыркІэ, а Іуэху еплъыкІитІыр щытепщэу щытащ бзэ куэду зэхэт, лъэпкъ зэныбжьэгъуГъэр щагъэнэхьапэ СССР-м. Эсамбаевым и шэшэн къафэм хуэдэ дыдэу кІыРытт абы зыщъхьэримых и бгырыс пІыэри. Хэт зымыщІыхур уэрэджьІалкІэу Антонов Юрий?

КьыззэрыщІэкІымкІэ, ар илъэсищкІэ Шэшэн филармонием щылажьащ, апщІондэху Эсамбаевым и щІыпІ. Ар щІыпІ щыпсэуу, щхьэусыгъуэ зэрыщІэдзауэ, щхьэхъуэ хъуху щІыхуэхэр къекІуалІэурэ, зыгуэр щхьэхъэ къелъэІуэрт, фэтэр кьытхуэІыс, лэжьапІэ кьытхуэгъуэт, дохутырым тхуепсалъэ жаІэу. «Хьунщ», - фІэкІаи яжриІэртэкъым, «хьэуэ» псалъэр кьыжьдэкІыххэртэкъым. И бжэм Іэнкьыбзэ иритыртэкъым. Зы пщафІэ иІэт, етІысхьапІэ имыІэуи, кьакІуэу хъуар абы игъашхэрт. ИкъукІэ щІыхфІт, и псэм и хьэлэлагъым гъунэ имыІэу».

Дзызытепсэльыхьыр артист, тхакІуэ, уэрэджьІакІуэ, кьулыкъущІэ ирехъу, зэман дэкІа нэужь, дз къытфІэІуэхур апхуэдэу цІэрыІуэу хъуа цІыхум хэлъа цІыхуГъэ зэманэкъым. И ехьулІэныгъэм зэрыстебэф гъэзугущ, кьигъащхьэпа Іэмалхэщ. Эсамбаевыр къапщтэмэ, Кавказым щыщ дэтхэнэ сабиймэ хуэдэу, и адэр и къуэм «нэхъ щІыхуЖу Іэщ1агъэкІэт» - кьызэрыщыгуГъэр. ЗэрыжаІэжьмкІэ, щІалэ щІыкІум Шэшэн-Ингуш ансамблым хэту ялъ фызэ куэдрэ кьрата сом 300-мрэ кІэпейкІэ 40-мрэ и адэм щыІэщІилъхьам, «уи лъакьуэхэр будэу утыкум уэзритым щхьэкІэ мыпхуэдизэ кьуатауэ ара?» кьыжриІауэ щытащ. 1939 - 1943 гъэхэм Эсамбаевыр Псыхуэбэ кьыщыфащ, фронтым кІуэ бригадэхэм яхэту, зауэ губгъуэм, госпиталхэм зыкъыщигъэльэгъэнущ. 1944 гъэм щэщэн-хэр щрашым, а кьалэм кьыдэнэну Іэмал иІат, ауэ «си лъэпкъым сригуэсэнущ» жиІэри, идакъым. И адэ-анэм я гъусэу Кьыргызыым ирашагхэм яхэтащ.

«Кьафэу и гъащІэр ихьащ», - жиІэнкІи хъунущ мыхьэнэ зиІэ цІыху кьыпхэкІым щхьэкІэ куэд бгъэвын зэрыхуейм щымыгуазэм. Кьыргызыым ираш шэшэнхэм я гъусэу Іуэгъу тета Мэхьмд и анэр мафІэгум шхын щхьэкІэ иПыхьауэ жаІэж. ИПъэси 105-мыаРзэр зэрыт тхьылымпІэм Іэ щІидзауэ щытащ. И анэшхуэм удз хущхъуэкІэ игъэхъуж, мазэм и кІуэцІкІэ зэфІэувэжа щІалэм къэфэн щыщІидзэжам, и лъакъуэр памыхьу мыхъуну кьыжжаІэ. Ар щІыпІ щыпсэуу, дохутырым кьыжьдэхуа псалъэхэри тхыдэм кьыхэнащ: «Иджы си фІэщ мэхъу Тхьэ зэрыщыІэр».

«ДыдэзэгъэщІар си фІэщ зэрыхьумрэ щэщэнхэр зищІысыр дуней псом езгъэпъагъэри гукъыдэжьмрэщ сыкъызэхьумар», - жиІэрийуэ щытащ Эсамбаевым. СССР-м ИкІасхэр къэрал щыІыбм фІыуэ зэрыщамыгъэгъуэр. ЗэрыжаІэжьмкІэ, щІалэ щІыкІум Шэшэн-Ингуш ансамблым хэту ялъ фызэ куэдрэ кьрата сом 300-мрэ кІэпейкІэ 40-мрэ и адэм щыІэщІилъхьам, «уи лъакьуэхэр будэу утыкум уэзритым щхьэкІэ мыпхуэдизэ кьуатауэ ара?» кьыжриІауэ щытащ. 1939 - 1943 гъэхэм Эсамбаевыр Псыхуэбэ кьыщыфащ, фронтым кІуэ бригадэхэм яхэту, зауэ губгъуэм, госпиталхэм зыкъыщигъэльэгъэнущ. 1944 гъэм щэщэнхэр щрашым, а кьалэм кьыдэнэну Іэмал иІат, ауэ «си лъэпкъым сригуэсэнущ» жиІэри, идакъым. И адэ-анэм я гъусэу Кьыргызыым хуейуэ ираш хэм яхэтащ.

«Кьафэу и гъащІэр ихьащ», - жиІэнкІи хъунущ мыхьэнэ зиІэ цІыху кьыпхэкІым щхьэкІэ куэд бгъэвын зэрыхуейм щымыгуазэм. Кьыргызыым ираш шэшэнхэм я гъусэу Іуэгъу тета Мэхьмд и анэр мафІэгум шхын щхьэкІэ иПыхьауэ жаІэж. ИПъэси 105-мыаРзэр зэрыт тхьылымпІэм Іэ щІидзауэ щытащ. И анэшхуэм удз хущхъуэкІэ игъэхъуж, мазэм и кІуэцІкІэ зэфІэувэжа щІалэм къэфэн щыщІидзэжам, и лъакъуэр памыхьу мыхъуну кьыжжаІэ. Ар щІыпІ щыпсэуу, дохутырым кьыжьдэхуа псалъэхэри тхыдэм кьыхэнащ: «Иджы си фІэщ мэхъу Тхьэ зэрыщыІэр».

«ДыдэзэгъэщІар си фІэщ зэрыхьумрэ щэщэнхэр зищІысыр дуней псом езгъэпъагъэри гукъыдэжьмрэщ сыкь

ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжу

●Унагъуэм и илъэс

Унагъуэм, зэанэкъилъхухэмрэ зэІыхьлыхэмрэ яку дэлъ зэхущытыкІэм я мыхьэнэр ягъэжьгъэ щыхъуа ди зэманым мыхьэнэшхуэ иІэщ а лъапІэныгъэхэр яхъумэм къыщымынэу, махуэ къэс ирагъэфІакІуэу псэу зэщхьэгъусэхэм я гугъу цІыхухэм яхуэщІынымк. Зи дуней тетыкІэр, цІыху зэтыкІэр, бын гъэсэкІэр, Іуэху зехьэкІэр щапхъэхэм хабжэ Лэскэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм щыщ Болжат Хьэжысмелрэ Светэрэ я унагъэр. Илъэс куэд щІауэ ахэр зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу, пщІэ я зэхуаку дэлъу зэрызэдэпсэуэр я унагъуэм и лъабжьэ быдэ хъуащ.

ИЛЪЭС щащІым щІигъащ Хьэжысмелрэ Светэрэ зэрызэдэпсэуэр. А зэманым къриубыдэу унагъуэ пльэщ яухуэу бын дахэ ягъэсэнымк и захуэкъым ахэр зыхунэсар, атІэ къэзыхъуэреихьхэм щапхъэ зытрах хуабагъэрэ гуапагъэрэ я зэхуаку дэлъщ, абыкІэ цІыхухэм я пщІэ кьалэжьу. Мы гъэм ахэр ягъэлъэгъащ «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпыжьныгъэмрэ пащІэ» дамыгъэ лъапІэр кьратыну. Ар абыхьэм кьалэжь я махуэ къэс Іуэжу.Іэ, я зэпІэзэрытыгъэкІэ, я щІэблэ дахэкІэ.

Зэщхьэгъусэхэр унагъуэу тЫсащ 1988 гъэм. Хьэжысмел и адэ-анэр пасэу дунейм ехыжати, ахэр я щхьэм фІэкІа зыщыгугъын яІэтэхъым. Я гъащІэр матэщІэдзауэ щытауи пхужьІэнукъым, ауэ сыт хуэдэ гугъуехь пэщІэувами, зэгъусэу пэлъэщахэщ.

Хьэжысмел курыт еджапІэр къиуха иужь автошколым щеджащ. Илъэс куэдкІэ ар щылэжьащ Кировым и цІэр зэриІхьэу я къуажэм щызэхэт колхозым. Лажьыгъэр фІыуэ зэрилъагъуэ, жэуапльныгъэ пылъу сыт хуэдэ Іуэхуми зэрыбгъэдыхьэм папщІэ къыдэлажьэхэм пщІэзыхуэ къыхуащІырт. ПщІэ зэриІэм игъэгушхуэ фІэкІа, къызыфІэщІыжьну ауи игу къэкІыртэкъым гъэсэныгъэ дахэрэ цІыху хэтыкІэ екІуэ зиІэ щІалэщІэм. Иджыпсту пенсэм тІысыжьам, гъащІэм жьыджэру хэтщ Хьэжысмел - ГАЗель машинэ дэсу цІыхухэр кьрешэкІ, абы нэмыщІ жыг хадзышхуэ иІэу йолэжьыхь.

Светэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ экономистщ. Унагъуэ ихьа иужь, илъэситІкІэ ари щылэжьащ колхозым. 1990 гъ ЛандэрэСветэ Анзорей къуажэ администрацием и Іэщ1агъэлI нэхъыщхьэщ. Зыпэрыт ІэнатІэм фІыуэ хэзыщІыкІ, абы къыхуигъэув дэтхэнэ кьалэнри еш имыІэу зэфІэзэх бзыльхугъэм хуэдэ лэжьакІуэ угъэльлъхьуэнщ. Администрацэм щылэжьэну кьаклуэ щІалэгъуалэм я ущиякІуэщ икІи я гъэугъэлъэныгъэ.

Болжат зэщхьэгъусэхэм я лъагъуныгъэмрэ зэхуэгъэкІуатэмрэ къыхэтэджыкІащ я бынхэу Динарэрэ Мухьэмэдрэ. Сыт щыгъуи ахэр зыхуэщІэкъуэр щапхъэ нэс абыхьэм яхуэхъунырщ, гугъу зебгъэхьын, адрейхэм уадэІэпыкъун зэрыхуэйр яхэлъхьэнырщ. Зыпэрыт Іуэхуэм ехъулІэныгъэ щызыІэрагъэхьэм и заІкъуэкІым Динарэрэ Мухьэмэдрэ, атІэ я щІэныгъэрэ дзыкъ къыхуащІа Іуэхум зэрыщыпашэхмкІэ щІалэгъуалэр зыгъэгушхуэ цІыху пэжхэщ.

- Си щхьэгъусэмрэ сэрэ гупльэгъу хуэтщІащ ди бынхэм я гъэсэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ. Си дежкІэ нэхъыщхьэр нэхъыжьхэм пщІэ яхуэщІынырщ, зэпІэзэрыту ГъащІэм ухэтныр зыгъэнэхъапэ адыгэ хабзэр яхэлъынырщ. Унагъуэм и зэпуэзэщІыгъэр нэхъыбэу зыхэсІьалъгъуэри нэхъыжьым щабэу епсэлъэнырщ, я лъэІур яхуэгъэзащІэныращ, абы хэм унагъуэм кьралъхьа хабзэхэр хуэмэныращ. Ди бынхэм гъэсэныгъэ тэмэм еттарэ едмытарэ жьзыІэфынур дэракъым, ауэ абы и лъэныкъуэкІэ тхуэзфІэкІ кьыІэзрыдмыгъэнар хьэкъщ, - жеІэ Светэ.

ГущІэгъу зэрыхэлъым, цІыхухэм ядэІэпыкъуну зэрыхуейм кьыхэкІыу, Динарэ дохутыр хъуну щІэхъуэпсыри, ар зригъэхьулІащ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетым кьиухауэ терапевту мазлажьэ. Зи узынщагъэм къигъэгуэвэу абы бгъэдыхьахэр щыхьэт зэрытехъуэфынущи, зи щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ мыхъуу зи псалъэ къудейри хущхъуэ лэжьакІуэщ ар. Гуапэу, щабэу, гулъытэ иІэу нэхъыжьми нэхъыщІэми зэрахущытым и фІыгъэщ пщІэ щІыхуащІыр, и лэжьэгъуэмри сымаджэхэми кьыщІалъытэр. Ковид уэ зэрыщІалэм и зэманым абы хуэзфІэкІар куэд зыпэмылъэщынщ. И Іэщ1агъэм и хъер дапэкІи ильаГъуну ди гуапэщ.

Мухьэмэд Хэкум и кьыщхьэщыжакІуэ хъуащ. МВД-м и институту Краснодар дэтыр кьиухауэ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэтщ - цІыхухэм я мамыр гъащІэр ехьымэ. Мы гъэм накъыгъэм и 22-м, УФ-м и Президентым и унафэкІэ, абы кьыхуагъэфэщащ «Жылагъуэ зэІуэзэпэщІыгъэр хъумэным кьыІэрыщІыхэжанымкІам папщІэ» медалыр. Унагъэщ, и щхьэгъусэ Іэминэрэ абырэ зэдапІ зи ныбжьыр илъэсым щІигъуа Данэ цІыкІу. Іэминэ Анзорей кьуажэм дэт МФЦ-м и лэжьакІуэщ.

Узынщагъэр хъумэным, щІэныгъэм хэгъэхъуэным, Іэпкъльэпкъри псэри псыхьаруэ щытыным гулъытэ щыхуащІ унагъуэщ Болжатхэ. Зы Іэнэм щызэбгъэдэсу зэдэуэрэщэрурэ, я Іуэху елльныкІэхэр, гукъэкІыжхэр зэхуэІуатэурэ жьэгу пащхьэр ягъэхуабэ абыхэм. Щэхуу зэрынасыпыфІэхэращ дзят унагъуэхэм Болжатхэ кьахэзыгъэщхьэхукІыр.

ИСТЭПАН Залинэ.

ХьэщІэхэр нэхъ губзыгъэу бгъэдыхьащ

«Спартак-Налшык» - «Динамо Ставрополь»: 0:1 (0:1). Налшык, «Спартак»стадионым.ЩыщхьэІу**ми и 20-м. ЦІыху 300 еплъащ.**

Судьяхэр: Самсонов (Мэзкуу область), Харченкэ (Дон Іус Ростов), Козленкэ (Сочэ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, КІэдыкІуей, Далиев Дауд (Къардэн, 84), Лепшокаев, Молэмуса (Блий, 84), Сэбаншы, ХьэщІыкІу (Селяев,76), Мэкъуауэ (Мэшыкъуэ, 46), Хьэшыр, Далиев Дени, ЛІуп.

«Динамо Ставрополь»: Матюшэ, Кокоев, Ярцев, Алибеков, Мэкъуауэ (Макаров, 55), Дыщэкі, Машэжь (Кочканян, 62), Магомедов, Болгов, Зароченцев, Мичуренков (Абдулхамидов, 55).

Топыр дигъэкІащ Зароченцевым, 39 (0:1).

Дагъуэ хуащІащ Матюшэ, 90.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и Кубокыр 2024/2025 гъэхэм къэхьыным теухуауэ зэхаубла зэхьэзэхуэм и финалым и 1/128-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ Налшык и «Спартак»-м деж къеблэгъат Ставрополь и «Динамо»-р.

Пэжыр жьыпІэмэ, зэІуущІэм щІимыдзэ щІыкІэ гугъэщІыкІэ щІыІуэ зэхьэщІэкІынкъым, налшыкдэсхэр хьэщІэхэм ятекІуэфыным теухуауэ. Уеблэмэ «Спартак-Налшыкым» чемпионатым кьыщыпэщІыльэ кьалэн нэхъыщхьэхэр абы зыщыгъэбыдэнымрэ турнир таблицэм ищхьэІуэкІэ щыдэкІуэтеинымрэ арауэ зэрыщытыр кьэпльытэмэ, нобэрей зэІуідэр ІэхъуэгъуэтегъэкІыу, кьару куэди тримыгъэкІуадэу иригъэкІуэкІ хъунугъэнт, апхуэдэу къэзылъытэхэри щыІэт.

Ауэ ди командэм и мурадхэр нэгъуэщІт - абы и топджэгухэр губгъуэм кьихьат зэІущІэм кІэлъыплъыну кьэкІуаХэм, мащІэу щытми, я дэрэжэгъуэр кьыхуаІэтыну, джэгуКІэ дахэ кьагъэлъэгъуэну, псом ящхьэжращи, я текІуэныгъэ дахэмкІэ яГъэгуфІэну. АрщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, хьэщІэхэм апхуэдэ гуфІэгъуэ кьыдатакъым. «Динамо Ставрополь»-м турнир таблицэм ятІуанэ увыпІэр ауэ сытми зэрыщимыІыгъыр диГъэльагъуэу, зэІуущІэр жыджэру иригъэжьащ.

ХьэщІэхэр нэхъ лъэщу къыдэбгъэрыкІуэрт, ди гъуэр кьащтэну кьызэрагъэпэщ Іэмалхэми гупсысэ хэлът. ЗэІуущІэм и яПІ Іыхьэм щІидза къудейуэ, Ставрополь кьалэм кьиКІалхэм ди гъуэр кьахуэщтэну щытащ. ЯпэщІыкІэ Мичуренков Дмитрий зэуа топыр гъэм дыхьэшым зымащІэ иІэжу щхьэпрыльэтащ. Абы иужькІэ ди «штрафнойм Машэжь Ратмир кьиульадэри, штангэм блэуКІащ. ИужькІэ, угловой къыхатам Кокоев Давид фейдэ кьыхуэхэкъым. ЩхьэкІэ ар зэуа топыр гъэм хуэхуэгъэзакъым.

Налшыкдэсхэри, кьэбгъэльэгъуэмэ, хуэмыхуакъым: ахэри зэ-тІэу кьызэпхрыуКІащ. Псом хуэмыдэу Іэмалыфі иІащ Далиев Дени, ауэ ар зэуа топым Іэкіуэльэкіуэу кьыпІэщІэуващ хьэщІэхэм я гъащхьэтет Матюшэ Максим. ИужькІи, и Іэзагъэр кьигъэльэгъуэу, къригъэгъэзащ Хьэшыр Алан и топым, кІэщІу абы кІэлъыуэжа ЛІупИслъам гъуэ ятІуанэ увыпІэр яІыгъщ я гъуащхьэхъумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ. Топ 13 кьудейщ яІэщІэкІар. Мы гупым щыпашэр 9 фІэкІа зи жагъуэ ямыщІыфа, ещанэ увыпІэр зыІыгъ альтуддэсхэрщ.

ЩыгъуазэфыхуэтщІынщ иужь джэгугъуэхэм къаРикІуа бжьыгъэхэм: **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«Малкэ»** (Малкэ) - **0:4** (икІэм нэс джэгуаехэкъым), **«Урожайнэ»** (Терекскэ) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхьэрэ) - **1:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Шэрэдж»** (Шэрэдж) - **7:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Іслъэмей»** (Іслъэмей) - **6:1**, **«Искра»** (Альтуд) - **«Лашынкъей»** (Лашынкъей) - **9:0**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **3:0**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **7:4**.

Зи чэзу джэгугъуэхэр дыдзыхэзыкІуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм зэхэтынущ. Дыдыщыгъынщ ахэр нэхъ гъэщІэгъэнуэ екІуэкІыну.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2024 гъэм пашэныгъэ къыщыхьыныр гуп нэхъыщхьэм зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Ф.	Ф1.	Т.	О.
1.«Родник»	16	15	1	0	98-13	46
2.«Тэрч»	16	14	0	2	66-17	42
3.«Искра»	16	13	2	1	69-9	41
4.«Іслъэмей»	16	11	0	5	50-33	33
5.«Малкэ»	15	9	2	4	46-31	29
6.«Шагъдий»	16	9	0	7	52-61	27
7.«ЛогоВАЗ»	16	9	0	7	58-45	27
8.«Псыгуэнсу»	16	4	4	8	28-58	16
9.«Спартак-Д»	16	4	1	11	36-49	13
10. «Акъбащ»	16	3	3	10	31-59	12
11. «Лашынкъей»	16	3	1	12	23-67	10
12. «Урожайнэ»	16	2	3	11	16-50	9
13. «Шэрджэс»	15	2	3	10	27-53	9
14. «Шэрэдж»	16	2	2	12	19-74	8

Гупхэр зэпэІэщІэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм и мыгъэрей чемпионатым пашэныгъэ къыщыхьыным щІэбэнхэм я зи чэзу зэІущІэхэр екІуэкІащ.

ИПЭХЭМИ хуэдэу, ялэ увыпІищым щытхэм я зи чэзу текІуэныгъэхэр кьахьащ. КьапэщІэтахэр хагъэщІа кьудейм кьыщымынэу, я гъуэхэм топ 22-рэ худагъэкІащ, езыхэм яІэщІэкІар зы закъуэщ. Ари кьызыщыщІар зыми кьыхумыкІыуэту ялэ увыпІэм щыт Псынэдахэ кьуажэм и «Родник» командэщ. Нэхъ бгъэщІагъуэ хъуну, иужьрей зэІущІэхэм кьыхэбгъэщ хъунур ар еплІанэ увыпІэр зыІыгъ «Іслъэмейм» 6:1 бжьыгъэкІэ зэрытекІуагъ. Абы иужькІэ щэч кьытехьэгъуейщ псынэдахэдэсхэр мы гъэм чемпион зэрыхъунум.

АдэкІэ гу зылъытапхъэщ етІуанэу щыт «Тэрчыр» 7:0-у «Шэрэджым», абы кІэлъыкІуэ Алътуд и «Искра»-р «Лашынкъейм» 9:0-у зэрытекІуахэр. Зи цІэ кьитІуа командэ пашищи ипкъ хьуауэ я гъэщІэщІэгъуэхэр бжьыгъэшхуэкІэ хагъащІэ.

ИкІэм щыт командэхэм, кІуэ пэтми я Іуэхур нэхъ хэпльэгъуэ мэхъу. Ауэ гурыІуэгъуэкъым Налшык и «Спартак-Д» ныбжьыщІэ командэр я гупым щыхэхуэ хъуар.

Пашэхэмрэ иужь кьинаэхэмрэ кІуэ пэтми зэпэІэщІэ зэрыхъуэм зэхьэзэхуэр, шэч хэмылъу, зэшыгъуэ ещІ. ЗэІущІэхэм я нэхьыбэм щытекІуэнур кьызэрымыщІэгъуейм футболым дихьэхэм я бжьыгъэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, егъэмащІэ.

Ялэ увыпІыр зыІыгъ «Родник»-мрэ икІэ дыдэм щыт «Шэрэджымрэ» я зэхуаку очко 38-рэ (!) дэлъщ. КъэщІэжыгъуейщ апхуэдэ зэпэІэщІэныгъэ футбол гупхэм я зэхуаку щыдэлъар. Иужь джэгугъуэхэм зэрытемыгъакІуэу кьыхэкІар Тэрч куейм и командэхэу «Урожайнэмрэ» «Акъбащымрэ» я зэІущІэ закъуэрщ. Адрейхэм псоми текІуэныгъэ бжьыгъэшхуэкІэ кьыщахьащ.

Бжьыгъэхэм уахэплъэмэ, Псынэдахэ и «Родник»-м и гъащхьауэхэр куэдкІэ ялэ итщ, хэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топ 98-рэ дагъэкІауэ.

● Футбол

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

Дерс щхьэпэ

Урысейм и МВД-м Налшык кьалэм щиІэ къудамэм и Автоинспекцэм и лэжьакІуэхэмрэ МафІэсым пэщІэтынымкІэ кьэрал Іуэхущ1апІэм граждан зыхъумэжьныгъэмрэ къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэм защ1ихъумэнымкІэ и центрым и егъэджакІуэ Аброкъуэ Мадинэрэ ведомствэм щІэмыт хъумакІуэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм дерсхэр драгъэкІуэкІащ.

ІУЭХУМ щыщІидзэм автоинспекторхэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ ГъэзэгуТранспорт фэбжьым екъэлІа щытыкІэр кьалэмрэ республикэмрэ зыщыхуэдэм, зэпкърахащ ГъэзэгуТранспорт къэхъукъащІэхэмрэ рулым дэсхэм, лъэсырыкІуэхэм хабзэр уэим зэращІамрэ кърикІуахэр.

Къэрал автоинспекцэм и лІыкІуэхэм я лэжьэгъуэхэм зыхуагъэзащ рулым щыдэскІэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, псом хуэмыдэу школхэм, сабий садхэм, пщІанТІэхэм я Іэгъуэблагъэм. Ахэр зэрызекІуэ псынщІагъым я нэІэ тетыну къыхураджащ автомашинэр и чэзум къэгъуэвыІэфын папщІэ, апхуэдэуи сабийхэр къыщрагъэкІкІэ абы хуэщІа Іэмэпсымэхэмрэ бгырыпх шынагъэнщэмрэ кьагъэссэбэпыну.

Аброкъуэ Мадинэ ІэнатІэм и лІыкІуэхэм мастер-классхэр ядригъэкІуэкІащ, автомобиль къэхъукъащІэхэм лей зыщытехьахэм ялэ дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ я щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хэгъэхъуэным ехьэлІауэ. АдэкІэ ар зэпкърыхауэ кьытеувыІащ гум, тхьэмбылым зэран хуэхъуамэ, апхуэдэ цІыхум зэрыддэІэпыкъупхъэ Іэмалхэм, ГЫы щІэкІмэ, бзуэну кьехьэлъэкІмэ ар зэрагъэІэпхъуэмрэ зэрыІыгъыпхъэмрэ. Апхуэдэуи гу лъарирІэтащ лей зытехьам ялэу хуэзэ цІыхум, дэІэпыкъэгъу хъунухэр кьэсыху, зэфІихьпхъэхэм. Мыбдеж мыхьэнэшхуэ иІэщ «зэран хуэмыхъу» хабзэ нэхъыщхьэм тетын зэрыхуейм.

Апхуэдэуи дэтхэнэри щыгъуэзапхъэщ зэкІэлъыкІуэу гъэзэщІэн хуейхэм, пщІэ мыхъунухэм.

- ДэІэпыкъуэгъу псынщІэ гупыр кьеджэным, лей зытехьам бгъэдэтыным, мыгужьеин папщІэ епсэлъэным языныкъуэхэм деж куэдкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ егъэджакІуэм.

ЗэІущІэм и кІэухым мастер-классым хэтахэм автоинспекторхэмрэ МЧС-м и Іэщ1агъэлІымрэ фІыщІэ хуащІащ дерсым папщІэ.

УАРДЭ Жантинэ.

● ХъыбарегъащІэ

«Темыркъаным и пщыхьэщхьэхэм» ирагъэблагъэ

КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм хъыбар фегъащІэ щыщхьэуІуи и 25-м къыщыщІэдзауэ 29-рэ пщІондэ «Темыркъаным и пщыхьэщхьэхэм» фестивалыр зэрекІуэкІынымкІэ. Ар кьызэрагъэпэщ СССР-м и цІыхубэ артист, дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрэ и фэеплъу.

ЩЫЩХЬЭУІУМ и 25 - 27-хэм сыхьэт 19-м Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и утыкум щагъэлъэгъуэнущ Темыркъан Юрэ и концертхэу дэфтэрэм щахъумэхэм щыщ.

Щыщхьэуіуи и 28 - 29-хэм сыхьэт 19-м Музыкэ къэрал театрым щекІуэкІынущ дуней псом къыщащІыхьа, илъэс 35-кІэ Темыркъан Юрэ зи художественнэ унафэщІу щыта, Санкт-Петербург къажэм Шостакович Дмитрий и цІэр зезыхьэ и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и концертхэр. Ар зезыгъакІуэр УФ-м и цІыхубэ артист, дирижёр нэхъыщхьэ Алексеев Николайщ.

Щыщхьэуіуи и 28-м оркестрым виолончелкІэ игъэзэщІэнущ Чайковский Пётр и еплІанэ симфониер, Дворжак Антонин и оркестрым щІыГъуу.

Щыщхьэуіуи и 29-м концертым и программэм хыхьэу утыку кьрахьэнущ Прокофьев Сергей и оперэм щыщ пычыгъуиплІ.

Фестивалым хьыхьэу апхуэдэу ягъэлъэгъуэнущ музыкант цІэрыІуэ Темыркъан Юрэ и ГъащІэмрэ гъащІэмрэ теухуа фильмрэ выставкэрэ.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: **8-964-041-28-18; 8-928-080-56-12; 8(8662) 77-42-08; 8(8662) 42-43-13**

ГъэщІэгъуэн куэд ялъэгъуащ

«Ныбжьыщ1э» профилактикэ Іуэхум хыхьэу Урысей МВД-м и Налшык управленэм балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэмкі и инспекторхэм Налшык кьалэм дэт курыт еджапІэ №23-м и 6-нэ классым щІэсхэм зыщрагъэпльэныхьащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Кинолог Іуэхущ1апІэ центрым.

ЦЕНТРЫМ и унафэщІым и кьуэдзэ, полицэм и капитан Шорэ Амур ныбжьыщІэхэм яхутепсэльыхьащ я пэжьыгъэм, щІэпхъаджагъэхэр кьызэрыгъэхуным, апхуэдэхэр сэтей сэщІыним, административнэ хабзэншагъэхэр кьызэпыудыным я жьыгъэу хабзэр хуэмынымрэ хьэхэр ящІыгъуу зэрызэфІахьим.

Полицейхэм абыхэм ирагъэльэгъуащ я хьэхэр зэрыжьІэдаІэр, лъэпощхьэпохэм зэрыфІэкІыр, щІэпхъаджащІэхэр зэрадубыдыр, хьэпшыпхэр, абы Іэщ1эхэмрэ наркотикэмри хьэхэу, мэкІэ кьызэрагъэтыр.

Кинолог-Іэщ1агъэлІхэм ныбжьыщІэхэм ирагъэльэгъащ Центрым и щІыналъэм щыІэ вольерхэмрэ ветеринар клиникэмрэ. Абы дохутыр-ветеринарым хьэ гъэсахэр Іэмал имыІэу кьыщыщІэпеплъыхь, еІэзэн папщІэ. Псэущхьэр изоляторым щаІыгъщ, ар хьужьку.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэхэмкі и инспектор, полицэм и лейтенант нэхъыжь Безрокъуэ Сабинэ ныбжьыщІэхэм яжриІащ тхыгъэ, художественнэ фильм кудым хьэхэм я псэеблэжныгъэр лъабжьэ зэрахуэхъуар, ахэр зейхэм зэрахуэпэжыр, зэрахъумэр кьызэрагъэльагъуэр.

ШколакІуэхэм кьызэгъэпэщакІуэхэмрэ кинолог центрым и лэжьакІуэхэмрэ фІыщІэ хуащащ гъэщІэгъуэн куэдым зэрыщагъэгъуэзам папщІэ, жаІащ мыгувэу зэхуэзэным зэрыпэплъэнур.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэКІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **Нэщ1эпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **Щхьэщэмыщ1 Иэз**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтехэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1 461
Заказыр №1790

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкІэ и пщІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэр* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу кьалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.